

BAZI REDZIDZO, MITAMBO NETSIKA



ZIMBABWE

BUMBIRO REZVIDZIDZO ZVECHISHONA REPURAIMAIRI

GIREDHI 1 - 3

© Curriculum Development Unit
P.O.Box MP 133
Mount Pleasant
HARARE

Rakadzokororwa 2006

NHUNGAMIDZO

VeBazi reDzidzo, Mitambo neTsika vanopa kutenda kune vanotevera nerubatsiro rwunokosha rwavakapa pakuumbwa kwebumbiro rino:

- Vanomirira maumbirwo ebumbiro remitauro yechivanhu munyika neunyanzvi hwavakaraidza
- VeZimbabwe School Examinations Council nebasa guru nekuronga kwavakaita mapimirwo ebasa revadzidzi
- Vamiririri vebato reZimbabwe Book Publishers Association
- Vebazi reCurriculum Development Unit nekukwenenzvera bumbiro iri
- Vashandi veEducation Services Centre vakapa rubatsiro rwunokosha kutsigira maumbirwo maumbirwo ebumbiro iri
- Vebazi reAfrican Languages Research Institute (ALRI) nehunyanzvi hwemutauro weChiShona hwavakapa

ZVIRI MUKATI**PEJI**

Nhungamidzo	i
Nhanganyaya	1
Mamiriro eBumbiro	1
Vavairo	1
Zvinangwa zvinosvitsa vana pamazamanishoni	1
Urongwa hwemazamanishoni	2
Mamiriro emapepa ebvunzo	2
Giridhi rinojekesa zvakatarwa zvemapepa achanyorwa	3
Madzidzisiro nenguva yakatarwa	3 - 7
Chati rinoratidza marongerwo ane gwara rezvidzidzo	5 - 15
Kupatsanurwa kwezviri mubumbiro kwakazara	12
Zviri muGiredhi 1	12 - 19
Zviri muGiredhi 2	16 - 24
Zviri muGiredhi 3	21 - 28
Zviumbamutauro	25 - 30
Duramazwi	28

1. **NHANGANYAYA**

Bumero remuZimbabwe rezvidzidzo zvevitauro yechivanhu repuraimari ikosi yemakore manomwe ine chinangwa chekuvandudza umhizha hwemutauro hunoti kuteerera, kutaura, kuverenga nekunyora. Chinangwa ndechekuti vana vagone kutaurirana nevamwe nenzira dzinojekesa zvakasiyana siyana mumagariro. Bumero rine vavairo yekuumba vana vanochogetedza unhu nemagariro zvatarwa munharaunda dzavanogara, zvevatongerwo, zvebudiro nezveupfumi kubudikidza neumhizha hwese huchashandiswa.

2. **MAMIRO EBUMIRO**

Bumero rezvidzidzo zvevitauro yechivanhu repuraimari rinoburitswa zviri zvibhuku zviviri zvapakatsanurwa sezvizi: chekutanga chine Giredhi 1 – 3 chepiri chine Giredhi 4 – 7. Zviri muzvikamu zvisere zvekutanga zvakanana muzvibhuku izvi zviviri.

3 **VAVAIRO**

Bumero rezvidzidzo zvevitauro wechiShona kupuraimari rine vavairo dzinotevera:

- 3.1 Kuvandudza umhizha hwemutauro hwevana mukuteerera, kutaura, kuverenga nekunyora kuitira zvinangwa zvakasiyana siyana;
- 3.2 Vana vataurirane nevamwe nemazvo mumamiro akasiyana siyana;
- 3.3 Vana vave netsika yekufarira kuverenga zvinyorwa zvakasiyana siyana zvakanorwa nemutauro weChishona;
- 3.4 Kuvandudza nekurerera muvana chido chekuyemura mutauro wavo kuitira kuzvisimudzira ivo pachavo nekuchengetedza tsika neunhu hwavo;
- 3.5 Kuvandudza umhizha hwevana hwekufunga zvakanzama pamusoro penyaya dziri kuitika nedzinonyuka mudzinharanda nedzinge dziri misoro yenyaya mazuva iwayo.

4.0 **ZVINANGWA ZVEMAZAMANISHONI**

Pakupera kwemakore manomwe ezvidzidzo zvepuraimari vana vanofanirwa kunge vave kugona:

- 4.1 kunyora tsananguro, rondedzero kana tsamba vachiratidza umhizha hwavo hwepfungwa dzakanzama mukurondedzera kana kutsanangura ruzivo rwezviri kuitika mudzinharanda dzakasiyana siyana;
- 4.2 kunyora nenzira yakakodzera zvichienderana nenyaya inenge ichidiwa;
- 4.3 kuratidza unyanzvi hwekuronga nekunyatsounganidza pfungwa mundima uyewo kushandisa zvimiso zvakanodzera;

- 4.4 kunyora vachishandisa mutauro zvakanakodzera, kuperetera zvakanaka nekushandisa zvimiso nemazvo;
- 4.5 kuratidza kunzwisisa zvinyorwa zvavanenge vaverenga kuburikidza nekupindura mibvunzo yenzwisiso;
- 4.6 kunyora zvakanaka zvachena zvinoverengeka.

5.0 URONGWA HWAMAZAMANISHONI

5.1 UREMU HWAMAPEPA

PEPA	NGUVA	MAMAKISI	UREMU
Pepa 1. Nzwisiso nemashandisirwo emutauro (mhinduro vanoita dzokusarudza pane dzakapiwa).	1½ hours	40	40%
Pepa 2. Rondedzero nenzwisiso Chikamu A: Rondedzero (20) Chikamu B: Nzwisiso (10)	1¾ hours	30	60%
Zvasanganiswa		70	100%

Cherechedzai kuti uremu hwePepa 2 huri pamusoro pehwePepa 1 nyangwe zvazvo mamakisi ePepa 2 ari mashoma pane ePepa 1.

5.2 MAMIRIRO EMAPEPA EBVUNZO

Bvunzo richanyorwa nevadzidzi mushure memakore manomwe ezvidzidzo rinenge riine mapepa maviri akamira sezvizvi:

PEPA 1: Awa imwe chete nechidimbu (1½ hours) mamakisi (40)

Pepa iri rinenge riine mibvunzo ine mhinduro dzakapiwa kare vana vozosarudza mhinduro yakakodzerana nemubvunzo. Vadzidzi vanotarisirwa kupindura mibvunzo yose yavanenge vakapiwa.

PEPA 2: Awa imwechete nechidimbu (1¾ hours) mamakisi (30)

Pepa iri rinenge riine mibvunzo yakasiyana siyana uye riri muzvikamu zviviri A ne B.

Chikamu A: Chinenge chine misoro mishanu yerondedzero inenge ichisanganisira tsamba. Mudzidzi anotarisirwa kusarudza musoro umwe chete onyora nezvawo. Musoro umwe neumwe unenge uine mamakisi 20.

Chikamu B: Chinenge chine ndima yenzwisiso uye mibvunzo yose inofanirwa kupindurwa nezvirevo zvakanakodzera. Chikamu ichi chine mamakisi 10.

5.3. Giridhi rinojekesa zvakatarwa zvemumapepa achanyorwa

UNYANZVI HUNODA KUZAMENWA	PEPA 1	PEPA 2
Ruzivo nekunzwisisa	60%	50%
Kutsanangura nekududzira	20%	30%
Kuongorora nekushandisa ruzivo	20%	20%
ZVASANGANISWA	100%	100%

N.B. Mamakisi ane chikamu kubva muzana ari muzvikamu zviru pamusoro anoratidza uremu hweunyanzvi huri kuda kuzemenwa papepa rakatarwa. Giridhi iri hariratidze uremu hwemapepa ebvunzo anoshandiswa kuburitsa mamakisi akasanganiswa emapepa ose ari maviri. Uremu hwemapepa hunojekeswa muchikamu cheurongwa hwamazamanishoni.

6.0 MADZIDZISIRO NENGUVA YAKATARWA

6.1. Madzidzisiro

Mukudzidziswa kwemitauro yechivanhu padanho repuraimari nzira yekutaurirana ndiyo inokuridzirwa. Zvinoitwa mukirasi nemadzidzisiro zvinofanirwa kutenderera pamwana. Mumadzidzisiro aya, zvinangwa zvinodudza pachena nzira iyi yekutaurirana zvinodiwa kuzivikanwa nevadzidzi. Mabasa anoitwa nenzira iyi anojekesa unyanzvi hwemutauro hunodiwa kuti nzira idzi dzinyatsobuda pachena. Unyanzvi hwemutauro hunobudikira mune zvinotsigira nzira yekutaurirana iyi kwete zvekudzidzisa zviru zvoga zvisingaburitswe mundima dzakapiwa. Nzira dzinokurudzirwa ndidzo dzinotevera:

- Kutevedzera
- Tsvagurudzo
- Kutsvaga pfungwa itsva.
- Mitambo nemibvunzo mipfupi inorodza pfungwa.
- Kugadzirisa matambudziko.
- Nzenzo dzetsvagurudzo dzinoitwa munharaunda.
- Mitambo/dzimbo/nhetembo
- Kuratidzira maitirwo
- Hurukuro vari muzvikwata

Nzira dzapiwa pamusoro handidzo dzoga dzingashandiswe, mudzidzisi anogona kushandisa dzimwewo nzira dzaanoona dzichibatsira vana. Zvinokuridzirwa kuti mudzidzisi ahandise nzira dzakawanda muchidzidzo chimwe chete.

6.2. NGUVA YAKATARWA

Kuti kushandiswa kwebumbiro iri kubudirire nguva dzakatarwa idzi ndidzo dzinokuridzirwa:

Giredhi 1 – 2: vanotarirwa zvidzidzo zvisere zvine maawa mana pavhiki.

Giredhi 3 – 7: vanotarirwa zvidzidzo zvipfumbamwe zvine maawa mana nechidimbu pavhiki.

CHATI RINORATIDZA MARONGERWO ANE GWARA REZVIDZIDZO

6.1 KUTEERERA

GIREDHI 1	GIREDHI 2	GIREDHI 3
<ul style="list-style-type: none"> • Kupatsanura izwi remudzidzisi wavo • Kupatsanura mazwi eshamwari dzavo neevamwewo vana vechikoro • Kupatsanura nekutevedzera ruzha rwemidziyo iri munharaunda yakavatenderedza • Kupatsanura nekutevedzera ruzha runoitwa nezvipfuyo • Kupatsanura nekutevedzera ruzha runoitwa nedzimwe mhuka dzesango • Kutevedzera madanirwo enzvovera • Kuteerera rungano rwemaminitsi maviri rwuchitaurwa kana kuverengwa • Kudavidza kuzvikumbiro zvavanopiwa • Kuita zvinhu zviviri zvaaudzwa • Kudzokorora/kutevedzera zvirovo zvipfupi zvataurwa • Kuteerera nekutevedzera zviridzwa zvemumhanzi, nhetemburwa netwunziyo 	<ul style="list-style-type: none"> • Kupatsanura nekutevedzera ruzha runoitwa nemidziyo yakasiyana siyana • Kupatsanura nekutevedzera ruzha rwunoitwa nemhuka dzesango neshiri dzakasiyana siyana • Kupatsanura nekutevedzera mutinhimira wenzvovera nenzvanyira dzose dziri mumutauro • Kutevedzera mazwi ane nyaudzira dzisingadariki ina • Kutevedzera zvirovo zvitatu zviriri nyore zvakateedzana • Kutevedzera rairo nhatu dzakatevedzana • Kuteerera rungano rwune maminitsi matatu rwunenge rwangotorwa kubva kwakasiyana siyana, vagorwutaurawo kana kupindura mibvunzo • Kuteerera kurungano rupfupi rusina kupedzwa vozorupedzisa namazvo • Kuteerera nekutevedzera zviridzwa zvemumhanzi, nhetemburwa netwunziyo 	<ul style="list-style-type: none"> • Kupatsanura nekutevedzera ruzha rwunoitwa nemidziyo isingadarike mitatu panguva imwe chete • Kupatsanura nekutevedzera ruzha rwunoitwa nemhuka dzisingadarike nhatu panguva imwe chete • Kupatsanura nekutevedzera nzvanyira dzine mavara anosvika mana e.g. tswa • Kutevedzera mazwi evanhu vanoziwikana munharaunda dzavo • Kuziva vadzidzisi vavo nemitsindo yavo • Kuteerera rungano kwemaminitsi mashanu runobva muzvinyorwa vorwutaurawo kana kuzopindura mibvunzo iri pamusoro parwo

7.2. KUTAURA

GIREDHI 1	GIREDHI 2	GIREDHI 3
<ul style="list-style-type: none"> • Kutaura mazita avo nekupa nhoroondo yemhuri yavo muchidimbu 	<ul style="list-style-type: none"> • Kutaura nezvemhuri dzavo dzinobatanidza vanambuya nanasekuru • Kukumbira zvavanoda vakazvirereka 	<ul style="list-style-type: none"> • Kutaura pamusoro pezvinodiwa kana zvisingadiwe nevanhu vemhuri dzavo

GIREDHI 1	GIREDHI 2	GIREDHI 3
<ul style="list-style-type: none"> • Kukumbira zvavanoda netsika dzakanaka • Kutaura ngano/nyaya pfupi. • Kumhoresa nekudavidza mhoreso nemazvo • Kudoma makara anonyanyozivikanwa • Kuverenga vachidaidzira vachisvika kumakumi mashanu • Kudoma mazuva ari muvhiki • Kudoma mwedzi yegore • Kutaura nhetemburwa nenhaurirano • Kupindura mibvunzo mipfupi iri nyore vachiita zvekutaura • Kudoma zviga zvomwaka wega wega 	<ul style="list-style-type: none"> • Kutaura ngano/nyaya pfupi • Kumhoresa nekudavira mhoreso nemazvo • Kudoma makara anonyanyozivikanwa • Kuverenga vachidaidzira vachisvika pazana • Kutsanangura midziyo yepamusha • Kutaura nhetemburwa nenhaurirano • Kupindura mibvunzo mipfupi iri nyore vachiita zvekutaura • Kutaura nezvemwaka yegore 	<ul style="list-style-type: none"> • Kushandisa makara kutsanangura zvinhu • Kutsanangura maitirwo ezvinhu zviru nyore • Kutsanangura mabasa avanoita kumba nekuchikoro • Kutaura ngano/nyaya pfupi yakaumbika zvakakanaka mumaminetsi maviri • Kutaura nhetemburwa nenhetembo • Kunyatsodudza mazwi nemazvo mukutaura • Kuita mutambo wezvakanamboitika • Kutaura nekunzwisisa manhamba kusvika churu • Kupindura mibvunzo ine udzamu vachiita zvekutaura

7.3. KUVERENGA

GIREDHI 1	GIREDHI 2	GIREDHI 3
<ul style="list-style-type: none"> • Kudzidza tsika dzakanaka dzekuverenga, sekugara kwakanaka nemabatirwo ebhuku • Kudzidza kuverenga kubva kuruboshwe vachienda kurudyi uye kubva kumusoro vachidzika pasi • Kutaura zvavanoona mumufananidzo kana mifananidzo yakawanda 	<ul style="list-style-type: none"> • Kuverenga vasinganongedze neminwe kana kufambisa misoro • Kudzidza umhizha hwekuverenga chinyararire • Kuverenga ndima pfupi dzine mitsara mishanu chinyararire kana kuti vachidaidzira vozopindura mibvunzo vachitaura • Kuverenga zvirevo kubva muzvinyorwa zvakasiyana siyana 	<ul style="list-style-type: none"> • Kudzidza umhizha hwekuverenga vachidaidzira kana chinyararire • Kuverenga nyaya pfupi vachidaidzira kana chinyararire • Kuverenga nyaya dzine urefu hwendima mbiri nekuzopindura mibvunzo yenzwisiso • Kuverenga nyaya pfupi vachinyatsotsetsenura • Kuverenga zvinyorwa zvinobva makasiyana siyana

GIREDHI 1	GIREDHI 2	GIREDHI 3
<ul style="list-style-type: none"> • Kucherechedza nzvovera nenzvanyira nekuzvidudza zvakanaka • Kuverenga nyaudzira dzine mavara matatu • Kuverenga mazwi akamira ari ega • Kuverenga ndevo nezvirevo zvipfupi • Kuverenga ndima pfupi ine mitsara inosvika mitatu nekupindura mibvunzo 	<ul style="list-style-type: none"> • Kuverenga ndevo nezvirevo zvipfupi vachiitira kuzopindura mibvunzo yenzwisiso • Kuverenga ngano, nyaya, mabhuku emuraibhurari yemukirasi nemachati nekuzopindura mibvunzo yenzwisiso • Kuverenga nyaya kubva muurongwa hwemifananidzo yakatevedzana • Kuverenga mitinhimira yemavara anosvika matatu kana kudarika 	<ul style="list-style-type: none"> • Kuverenga mazwi ane mutinhimira yenzvanyira dzinosvika ina • Kudzidza kududza mazwi zvakanaka • Kududzira machati, magirafu, mepu nematebhuru • Kuverenga vachiburitsa zvinorehwa mundima

7.4. KUNYORA

GIREDHI 1	GIREDHI 2	GIREDHI 3
<ul style="list-style-type: none"> • Kukurudzira umhizha hwekubata nekushandisa chinyoreso • Kudzidza kunyora mapatani • Kunyora zita rake • Kunyora nzvovera nenzvanyira • Kunyora mazita ezvinhu zvinowanikwa munharaunda dzavagere • Kushandisa mavara makuru nezvindaguma • Kudhirowa midziyo yakasiyana siyana vonyora mazita azvo nezvirevo pamusoro payo • Kunyora zvirevo zvine mazwi maviri kana kudarika • Kupindura mibvunzo iri nyore yenzwisiso 	<ul style="list-style-type: none"> • Kutsinhidzira humhizha hwekubata nekushandisa chinyoreso • Kutsinhira kunyora mapatani • Kuumba mazwi ane nyaudzira mbiri kana kudarika • Kushandisa mavara makuru zvifemo nezvindaguma • Kunyora zvirevo zvipfupi pamusoro pezvavari ivo • Kudhirowa mifananidzo nekunyora mazwi nezvirevo pamusoro payo • Kunyora nyaya pfupi dzine mitsara mina kana kudarika • Kupindura mibvunzo yenzwisiso vachiita zvekunyora mhinduro dzavo • Kunyora mavara nemazvo 	<ul style="list-style-type: none"> • Kubatanidza mazwi zvakanaka vachishandisa Nelson's Script • Kushandisa mavara makuru, zvindaguma zvifemo nezvibvunzo • Kudhirowa mifananidzo nekunyora zvirevo zvinokwana zvishanu kana kudarika pamusoro payo • Kupindura mibvunzo yenzwisiso vachinyora mhinduro mumabhuku • Kunyora nyaya pfupi dzine ndima ine mitsara mishanu kana kudarika • Kunyora urongwa hwemamiriro etsamba yeushamwari • Kunyora tsamba pfupi kushamwari • Kudzidza kunyora zvine unyanzvi

7.0 MARONGERWO ANE GWARA RINOTEVEDZANA REZVIDZIDZO GIREDHI 4 – 7

7.1 KUTEERERA

GIREDHI 4	GIREDHI 5	GIREDHI 6	GIREDHI 7
<ul style="list-style-type: none"> • Kutsinhira mitinhimira yemavara nemaumbirwo enyaudzira • Kuziva mazwi evanhu vane mukurumbira mudunhu ravo • Kuziva mitsindo yevanhu vakasiyana siyana • Kuziva madaidzirwo emavara mana panguva imwe chete • Kupatsanura ruzha rwunoiwa nezvinhu zvina zvakasiyana siyana zviru kuitika panguva imwe chete • Kuteerera nhau dzinobva kwakasiyana siyana • Kunyatsoteerera nyaya kwemaminitsi mashanu kusvika kumasere • Kuteedza rayiro mbiri dzinopiwapanguva imwe chete • Kudavidza mibvunzo yakaoma neyakapfava 	<ul style="list-style-type: none"> • Kutsinhira mitinhimira yemavara nemazwi • Kuziva vanhu vane mukurumbira kubudikidza nemazwi avo • Kupatsanura mazwi anodavidzwa zvinoda kufanana sekuti <i>famba/tamba</i> • Kuteerera nyaya dzinobva mumarhedhiyo nematerevhizhoni nekuzodzita urira vamwe • Kupatsanura kukwira nekudzika kwezwi netsinhidzo pakutaura zvirevo • Kuteerera kune chinangwa semuenzaniso, kuteerera zvekunakidzwa kana kuteerera kwekuda kuwana ruzivo 	<ul style="list-style-type: none"> • Kutsinhira mitinhimira yemavara nemazwi • Kuziva vanhu vane mukurumbira kubudikidza nemazwi avo • Kuteerera kuchidimbu chenyaya nekuzochipedzisa nepfungwa dzakarongeka • Kuteerera kunyaya dzinobva mumarhedhiyo ne televhizhino nekuzodzita urira vamwe • Kuteerera kuruzivo rwakatapwa nekusarudza mazwi nepfungwa dzinokosha • Kuziva manzwi emutauri kubudikidza nematauriro ake • Kutaurirana nevamwe kwemaminitsi mashanu 	<ul style="list-style-type: none"> • Kutsinhira mitinhimira yemavara nemazwi • Kuteerera kunhau dzinoverengwa nekugona kuzodzita urawo, kudzipfupikisa kana kuzopindura mibvunzo • Kupindura nemazvo mibvunzo inobvunzwa zvakasiyana siyana • Kutaurirana nevamwe kwemaminitsi mashanu • Kupatsanura kukwira nekuderera kwezwi pamazwi anodavidzwa zvinoda kufanana • Kuteerera kunyaya nekuitaurira vamwe

8.2. KUTAURA

GIREDHI 4	GIREDHI 5	GIREDHI 6	GIREDHI 7
<ul style="list-style-type: none"> • Kutura nezvemabasa anoiwa nevanhu vavagere navo munharaunda 	<ul style="list-style-type: none"> • Kutsanangura zviitiko zvinokosha zvinoitika munharaunda yawo 	<ul style="list-style-type: none"> • Kuita gakava pamusoro penyaya dziri kuitika munyika 	<ul style="list-style-type: none"> • Kuita gakava pamusoro penyaya dziri kuitika kana dzakaitika

GIREDHI 4	GIREDHI 5	GIREDHI 6	GIREDHI 7
<ul style="list-style-type: none"> • Kupa nhoroondo yezviitiko zvinokosha zvinoitika munharaunda dzavo • Kupa zvikumbiro netsika dzakanaka panzvimbo dzakasiyana siyana • Kutaura nyaya yakaumbika zvakana kwemaminitsi anosvika matatu • Kupa rayiro nenzira yakanaka • Kubvunza mibvunzo yakananga • Kupa pfungwa dzinokosha kubva mundima yaverengwa • Kutaura zvine ruzivo nhamba dzinosvika zvuru gumi • Kupa mhinduro kwadzo kumibvunzo yabvunzwa • Kutsanangura maitirwo echinhu • Kuita kamutambo kubva munyaya • Kudedemura nhetemburwa nenhetembo • Kushandisa zvirungamutauro pakakodzera 	<ul style="list-style-type: none"> • Kududzira zvirahwe • Kutaurirana pamusoro pezviyerwa zvinozivikanwa • Kupfupikisa nyaya yavanenge vaverenga kana kuteerera ichiverengwa • Kuita mutambo vachicherechedza misambo yakakodzera • Kupa umboo kana ruzivo zvakajeka • Kuburitsa zvavanoda nezvavanonzwa mumoyo • Kuverenga nhamba kusvika zana rezviuru • Kutsanangura maitirwo echinhu • Kupa davidzo dzakanaka kumibvunzo • Kupa nhaurwa dzakagadzirirwa kana dzisina kugadzirirwa kweminiti imwe chete • Kuraira munhu maendero kunzvimbo • Kudedemura nhetemburwa nenhetembo 	<ul style="list-style-type: none"> • Kurondedzera nyaya dzavakanzwa kana dzavakaverenga • Kupfupikisa nyaya • Kubvunza mibvunzo iri pamusoro penyaya dzakasiyana siyana • Kusvitsa namazvo mashoko anobva muzvinyorwa zvakasiyana siyana • Kupindura mibvunzo yabunzwa • Kuburitsa manzwiwo avo munharaurwa dzavo • Kutaura manhamba kusvikira pamiriyoni. • Kutsanangura mamiriro emidziyo, vanhu neviitiko • Kupa nhaurwa dzakagadzirirwa kana dzisina kwemaminitsi maviri • Kudedemura nhetemburwa nenhetembo • Kushandisa zvirungamutauro pakakodzera 	<ul style="list-style-type: none"> • Kuita nhaurirano pamusoro penyaya dziri kukosheswa nevanhu munharaunda • Kupawo mazano ekugadziridza matambudziko ari kuonekwa nevanhu • Kusvitsa namazvo mashoko anobva muzvinyorwa zvasiyana siyana • Kupa rayiro nenzira yakanaka • Kupindura mibvunzo yabunzwa • Kushandisa misambo yakakodzera pakutaura • Kutsanangura mauiro ezviitiko zvinokonzerwa nevanhu nezvimwe zvinongouya zvega • Kutaura vakasununguka zvavanoshuva, zvavanoda, nezvavasingade • Kutsanangura mamiriro emidziyo, vanhu zviitiko nemaitirwo ezvinhu • Kupfupikisa nyaya yakanyorwa kana kutaurwa • Kutaura nyaya/ngano dzavowo

GIREDHI 4	GIREDHI 5	GIREDHI 6	GIREDHI 7
			<ul style="list-style-type: none"> • Kubvunza mibvunzo pamusoro pezvokasiyana siyana • Kupa nhaurwa dzakagadzirirwa kana dzisina kwemaminiti maviri kusvika mashanu • Kudedemura nhetemburwa nenhetembo • Kushandisa zvirungamutauro pakakodzera

8.3. KUVERENGA

GIREDHI 4	GIREDHI 5	GIREDHI 6	GIREDHI 7
<ul style="list-style-type: none"> • Kuverenga ndima yenzwisiso chinyararire • Kuverenga zvinonzwika uye vachitsetsenura • Kutsanangura zvinoreva mazwi anenge ari mundima • Umhizha hwekushandisa majekero akasiyana siyana • Kuverenga vachiyerura pfungwa huru kubva mundima • Kuverenga vachitsvaga ruzivo rwavanoda • Kuverengera kunakidzwa kana kuwana ruzivo 	<ul style="list-style-type: none"> • Kuverenga zvinonzwika vachinyatsodudza mazwi • Kupa mhinduro dzakakodzera kubva mune zvanenge vaverenga vachitaura kana kunyora • Kupa rumwe ruzivo rwakavanzika kubva mune zvavaverenga • Kuverenga Zvakatsetseka • Kutsinhidzira umhizha hwekuyerura nekutsvaga pfungwa huru mundima 	<ul style="list-style-type: none"> • Kuverenga nekutsvagurudza rumwe ruzivo rwakavanzika kubva mune zvaverengwa • Kuverenga nekuzopindura mibvunzo iri pamusoro penyaya yavanenge vaverenga • Kutevedza rayiro dzakanyorwa • Kutsvaga zvinoreva mazwi sekushandiswa kwaakaitwa mundima • Kuverenga zvinyorwa zvokasiyana siyana vaine zvinangwa zvokasiyana siyana siyana. 	<ul style="list-style-type: none"> • Kuverenga vachiyerura pfungwa huru kubva mundima • Kutsvagurudza ruzivo rwavanoda • Kududzira machati, magirafu, mepu nematebhuru • Kuverenga vachinatsotsetsenura • Kuverenga nekutsvagurudza rumwe ruzivo rwakavanzikakubva mune zvavaverenga • Kupfupikisa nyaya yavanenge vaverenga

GIREDHI 4	GIREDHI 5	GIREDHI 6	GIREDHI 7
<ul style="list-style-type: none"> • Kududzira machati, magirafu, mepu nematebhuru 	<ul style="list-style-type: none"> • Kuverengera zvinangwa zvakasiyana siyana • Kududzira machati magirafu, mepu nematebhuru • Kushandisa majekero akasiyana siyana • Kutsvaga zvinoreva mazwi sekushandiswa kwaakaitwa mundima 	<ul style="list-style-type: none"> • Kuverenga nezwi rinonzwika vachinyatsodudza mazwi. • Kuverenga vachiyerura nekuita tsvagurudzo dzepfungwa dzinokosha. • Kududzira machati, mepu, magirafu nematebhuru. • Umhizha hwekushandisa majekero akasiyana siyana 	<ul style="list-style-type: none"> • Kuverenga zvinyorwa zvakanakawanda • Kuverenga vachinyatsodzamisa pfungwa • Umhizha hwekushandisa majekero akasiyana siyana • Kuverenga chinyararire vachikasira

8.4. KUNYORA

GIREDHI 4	GIREDHI 5	GIREDHI 6	GIREDHI 7
<ul style="list-style-type: none"> • Kunyora tsamba yakazara yeushamwari • Kunyora rondedzero ine mazwi anosvika makumi mana kana kudarika • Kunyora mhinduro dzemibvunzo yenzwisiso zvakanakazara • Kushandisa zvimiso zvakanakodzera pakunyora • Kunyora zvinyorwa zvakasiyana siyana neumhizha hwose 	<ul style="list-style-type: none"> • Kunyora tsamba dzueshamwari • Kunyora rondedzero ine mazwi makumi masere kana kudarika • Kupa mhinduro dzakaumbwa zvakanaka kumibvunzo yenzwisiso • Kunyora nhaurirano dzakareruka • Kushandisa zvimiso zvakanakodzera mukunyora zviroveo • Kunyora marongerwo akanaka etsamba yebasa • Kunyora zvinyorwa zvakasiyana siyana neumhizha hwose 	<ul style="list-style-type: none"> • Kunyora tsamba yebasa yakazara • Kunyora rondedzero yemazwi zana nemakumi maviri kana kudarika vachishandisa zvirungamutauro zvakanakodzera • Kupa mhinduro dzakaumbwa zvakanaka kumibvunzo yenzwisiso dzinobva muzvinyorwa zvakasiyana siyana • Kunyora nhaurirano dzakareruka • Kududzira magirafu, machati, mifananidzo, mepu nematebhuru 	<ul style="list-style-type: none"> • Kunyora pfupikiso yendima kana nyaya inenge yaverengwa • Kunyora zvakanaka tsamba dzebasa nedzeushamwari, teregiramu nenhorondo dzezvakaitika • Kupindura mibvunzo ine udzamu kubva mundima yenzwisiso • Kutsanangura zviitiko • Kunyora rondedzero ine ndima dzakabatanidzwa zvakanaka ine mazwi anosvika zana nemakumi maviri kana kudarika

GIREDHI 4	GIREDHI 5	GIREDHI 6	GIREDHI 7
	<ul style="list-style-type: none"> • Kunyora tsamba pfupi yebasa • Kududzira magirafu, mepu, machati nemifananidzo • Kupfupikisa ndima dzaverengwa 	<ul style="list-style-type: none"> • Kunyora nhoroondo yezvakaitika • Kunyora zvinyorwa zvakasiyana siyana neumhizha hwose • Kushandisa zvimiso nomazvo • Kupfupukisa ndima 	<ul style="list-style-type: none"> • Kunyora zvinyorwa zvinojekesa zviitiko zvakasiyana siyana • Kunyora zvinyorwa zvakasiyana siyana neumhizha hwose • Kududzira magirafu, machati, mifananidzo, mepu nematebhuru • Kushandisa zvimiso nomazvo • Kupfupukisa ndima

8.0 KUPATSANURWA KWEZVIRI MUBUMBIRO

8.1 GIREDHI 1

8.1.1 KUTEERERA

MUSORO	ZVINANGWA Vana vanofanirwa kunge vogona:	ZVIRI MUBUMBIRO	MABASA NEZVINYORWA ZVINOTARISIRWA KUITWA
KUGONA KUPATSANURA MAZWI	<ul style="list-style-type: none"> • kuziva mazwi evanhu vaanogara navo munharaunda 	<ul style="list-style-type: none"> • mazwi evanhu vakasiyana siyana 	<ul style="list-style-type: none"> • Kuteerera kumazwi evanhu vakasiyana siyana nekudoma vari kutaura
KUZIVA MITINHIMIRA YAKASIYANA SIYANA	<ul style="list-style-type: none"> • kuziva ruzha rwunoiwa nezvipfuyo nedzimwe mhuka dzesango dziri munharaunda yavo • kupatsanura ruzha rwunoiwa nemidziyo yakasiyana siyana • kupatsanura mutinhimira wenzvovera nenzvanyira 	<ul style="list-style-type: none"> • Ruzha rwemhuka dzakasiyana siyana • Ruzha rwemidziyo yakasiyana siyana • Mitinhimira yenzvovera nenzwanyira dzose dzemutauro 	<ul style="list-style-type: none"> • Kutevedzera ruzha rwezvipfuyo zvinozivikanwa nedzimwe mhuka dzesango • Kuziva ruzha runoiwa nemidziyo yakasiyana siyana • Kutevedzera mitinhimira yenzvovera nenzvanyira dzose
KUTEERERA NYAYA	<ul style="list-style-type: none"> • kuteerera nyaya pfupi 	<ul style="list-style-type: none"> • Nyaya pfupi dzakasiyana siyana 	<ul style="list-style-type: none"> • Kutaurawo nekuedzesera zviri munyaya dzavanzwa <p>N.B. Nyaya dzisareba kudarika maminitisi maviri</p>

MUSORO	ZVINANGWA Vana vanofanirwa kunge vogona:	ZVIRI MUBUMBIRO	MABASA NEZVINYORWA ZVINOTARISIRWA KUITWA
ZVIKUMBIRO NERAYIRO	<ul style="list-style-type: none"> • kudavidza zvikumbiro zvavanenge vapiwa • kutevedzera rayiro dzakareruka dzavanoudzwa 	<ul style="list-style-type: none"> • Zvikumbiro zvakasiyana siyana zvinoda mhinduro vachitaura • Rayiro dzakareruka dzinotaurwa 	<ul style="list-style-type: none"> • Kupa davidzo kuzvikumbiro zvakasiyana siyana • Kudavira kurayiro dziri nyore dzakasiyana siyana
NHETEMBURWA	<ul style="list-style-type: none"> • kudzokorora nhetemburwa dzakareruka 	<ul style="list-style-type: none"> • Nhetemburwa netunziyo 	<ul style="list-style-type: none"> • Kudedemura nhetemburwa netunziyo
ZVIREVO NEMIBVUNZO	<ul style="list-style-type: none"> • kutaura zvirevo nekuumba mibvunzo iri nyore 	<ul style="list-style-type: none"> • Zvirevo nemibvunzo zviri nyore zvakasiyana siyana 	<ul style="list-style-type: none"> • Kudzokorora zvirevo nemibvunzo zviri nyore vachitevedza mucherechedzo

9.1.2. KUTAURA

MUSORO	ZVINANGWA Vana vanofanirwa kunge vogona:	ZVIRI MUBUMBIRO	MABASA NEZVINYORWA ZVINOTARISIRWA KUITWA
INI NEMHURI YEDU	<ul style="list-style-type: none"> • kutaura mazita avo akazara • kutaura pamusoro pezvavo zvavanoda • kutaura pamusoro pemhuri dzavo 	<ul style="list-style-type: none"> • Mazita avo • Zvanoda nezvavasingadi • Nhorooondo dzemhuri dzavo zvichisanganisa mazita remhuri nemitupo 	<ul style="list-style-type: none"> • Kutaura mazita avo akazara • Kutsanangura zvavanoda nezvavasingadi • Kupa nhorooondo yakazara pamusoro pezvavo nemhuri dzavo <p>N.B. Nhetemburwa, netunziyo nemitambo zvingashandiswa pakudzidzisa</p>
NGUVA DZEZUVA NEKUKWAZISANA	<ul style="list-style-type: none"> • kutaura nguva dzakasiyana siyana dzezuvu • kumhoresa nekudavidza namazvo 	<ul style="list-style-type: none"> • Nguva dzakasiyana siyana dzezuvu • Mhoreso nedavidzo dzacho 	<ul style="list-style-type: none"> • Kutaura pamusoro pezvavanoita panguva dzakasiyana dzezuvu • Kumhoresa nekupindura kumhoreswa
MATIVI MANA ENYIKA	<ul style="list-style-type: none"> • kunongedza mativi mana enyika • kuratidza nzvimbo dzakasiyana vachishandisa rudyi kana ruboshwe 	<ul style="list-style-type: none"> • Mativi mana enyika • Nzira dzasiyana siyana dzokuratidza nzvimbo 	<ul style="list-style-type: none"> • Kunongedza mativi mana enyika vachishandisa nzira dzakasiyana siyana

MUSORO	ZVINANGWA Vana vanofanirwa kunge vogona:	ZVIRI MUBUMBIRO	MABASA NEZVINYORWA ZVINOTARISIRWA KUITWA
ZVIKUMBIRO	<ul style="list-style-type: none"> • kukumbira zvine tsika • kudavira kuzvikumbiro zvinenge zvapiwa 	<ul style="list-style-type: none"> • Zvikumbiro nedavidzo dzacho • Mibvunzo nemhinduro 	<ul style="list-style-type: none"> • Kupa nekudavidza zvikumbiro • Kuita makwikwi ekubvunzana twumibvunzo twakareruka <p>NB. Nhetemburwa, tumbo twupfupi, nemitambo zvinogona kushandiswa kupa nekuwana davidzo kuzvikumbiro</p>
ZVIREVO NEMIBVUNZO	<ul style="list-style-type: none"> • kuumba mibvunzo nezvirevo zvipfupi, zviriri nyore 	<ul style="list-style-type: none"> • Mibvunzo nezvirevo zvipfupi 	<ul style="list-style-type: none"> • Kuumba mibvunzo nezvirevo zvipfupi
KUVERENGA	<ul style="list-style-type: none"> • kuverenga kusvika pamakumi mashanu 	<ul style="list-style-type: none"> • Kuverenga kusvika pamakumi mashanu 	<ul style="list-style-type: none"> • Kutaura manhamba kusvika pamakumi mashanu nenzira dzakasiyana-siyana <p>N.B. Pakuverenga dzimbo netwumbo twupfupi twune mutinhimira zvinogona kushandiswa</p>
MAVARA/MAKARA	<ul style="list-style-type: none"> • kudoma mavara/makara anowanzoshandiswa 	<ul style="list-style-type: none"> • Mavara anowanzoshandiswa sokuti: tsvuku, tema, chena 	<ul style="list-style-type: none"> • Kutsanangura zvinhu vachishandisa ruvara rwazvo
MAZUVA EVHIKI	<ul style="list-style-type: none"> • kudoma mazuva evhiki • kutaura zvavanoita zuva roga roga revhiki 	<ul style="list-style-type: none"> • Mazuva evhiki • Mabasa anoitwa pazuva roga roga revhiki 	<ul style="list-style-type: none"> • Kudoma mazuva sokutevedzana kwawo • Kukurukurirana zvavanoita pazuva roga roga
MWEDZI NEMWAKA YEGORE	<ul style="list-style-type: none"> • kudoma mwedzi yose yegore • kudoma mwaka yegore 	<ul style="list-style-type: none"> • Mwedzi nemwaka yegore 	<ul style="list-style-type: none"> • Kudoma mwedzi sokutevedzana kwayo • Kukurukura pamusoro pemamiriro nemabasa anoitwa mumwaka woga woga
NHAU NENGANO	<ul style="list-style-type: none"> • kutaura ngano pfupi • kutaura tunhau tupfupi 	<ul style="list-style-type: none"> • Ngano nenhau 	<ul style="list-style-type: none"> • Kuita madzoro ekutaura ngano • Kuita twumitambo twengano • Kuudzana nhau dzezviri kuitika

9.1.3. KUVERENGA

MUSORO	ZVINANGWA Vana vanofanirwa kunge vogona:	ZVIRI MUBUMBIRO	MABASA NEZVINYORWA ZVINOTARISIRWA KUITWA
KUDZIDZIRA KUVERENGA	<ul style="list-style-type: none"> kuverenga vachibva kuruboshwe vachienda kurudyi. kuverenga vachibva kumusoro vachidzika pasi 	<ul style="list-style-type: none"> Kuverenga vachibva kuruboshwe vachienda kurudyi, uye kubva kumusoro vachidzika pasi Kuverenga mifananidzo yakatevedzana inoumba kanyaya 	<ul style="list-style-type: none"> Kudzidzira kuverenga vachibva kuruboshwe vachienda kurudyi nekubva kusoro vachidzika pasi vachishandisa mifananidzo yakarongeka nemitambo
KUVERENGA NYAUDZIRA NEMAZWI ZVISINGADARIKE MAVARA MATATU	<ul style="list-style-type: none"> kutaura nzvovera nenzvanyira nhatu dzinoumba nyaudzira kuverenga mazwi ane nyaudzira dzine mavara matatu chete kushandisa nyaudzira dzine mavara matatu kuumba mazwi ane zvaanoreva 	<ul style="list-style-type: none"> Nzvovera nenzvanyira Nyaudzira dzine mavara matatu chete Kuumba mazwi 	<ul style="list-style-type: none"> Kutaura zvakatsetsenuka nzvovera nenzvanyira Kuverenga nyaudzira dzine mavara matatu Kubatanidza nyaudzira kuumba mazwi vachidaidzira <p>N.B.Mudzidzisi anogona kushandisa mafurashi kadhi</p>
